



Pou Piblikasyon Imedya: 9/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE METWO VIL NEW YORK LA BAT REKÒ POU
TRANSPÒ PASAJE NAN 8 DESANM**

***Metwo yo te pote 3.93 milyon pasaje nan yon sèl jou pou premye fwa depi mas
2020***

***OMNY bat rekò yon sèl jou nan kantite kat yo pase nan metwo a pandan plizyè jou
konsekitif, avèk plis pase 1.5 milyon kat yo pase chak jou***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an te bat rekò transpò pasaje nan epòk pandemi an, yè jedi 8 desanm avèk 3,925,280 pasaje, sa ki depase rekò yo te bat anvan nan 27 oktòb. Dènye fwa metwo yo te pote plis pase 3.9 milyon pasaje se te 12 mas 2020.

OMNY te bat yon rekò tou pou kat yo pase nan metwo a, rekò yon sèl jou pou kantite kat yo pase nan plizyè jou konsekitif avèk 1,514,837 kat yo pase nan mèkredi 7 desanm ak 1,561,846 kat yo pase nan jedi 8 desanm. Rekò yo depase sa anvan ki te wo a, ki te fèt nan 27 oktòb.

"Rekò transpò pasaje sa a se prèv ke nou sou wout rekipere nou", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Swa se touris k ap tounen nan New York oswa rezidan lokal ki prale jwi atraksyon fèt yo, enèji ak vitalite vil sa a, anlè ak anba tè a, de retou".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare, "Nouyòkè yo kontinye tounen nan metwo a. Poukisa? Paske se pi bon fason pou nou deplase - ale nan travay, edikasyon, swen sante, teyat, mizik, tout bagay New York gen pou l ofri. Tandans yo konfime tout sa m te di sou nesesite pou kenbe transpò piblik la finanse nèt pou sèvis yo ka kontinye ak amelyore pandan New York kontinye rebondi".

Prezidan Transpò Komen Vil New York la, Richard Davey, te deklare, "NYC Transit te travay di pou livre sa kliyan metwo a t ap mande: sèvis pi rapid, pi pwòp ak pi sekirite. Pandan kliyan yo kontinye retounen nan transpò piblik pou sezon fèt sa a epi an 2023, 47,000 gason ak fanm NYC Transit pral pare pou founi pi bon sèvis Nouyòkè yo ap tann".

Itilizasyon OMNY ap kontinye ogmante atravè sistèm transpò piblik Vil New York la. Akyèlman, anviwon 40 pousan nan pasaje metwo a peye atravè OMNY. Nan dat 15 septanm, MTA te anrejistre 500 milyonèm kat OMNY yo te pase nan Grand Central Terminal. Apre kòmansman li nan ane 2019 kòm yon faz pilòt pou piblik la, deplwaman sistèm san kontak la te fini nan mwa desanm 2020. Tout 472 estasyon metwo yo ak tout 5,800 otobis MTA yo ki ekipe kounye a avèk apeprè 15,000 lektè OMNY.

MTA [te anonse](#) agrandisman OMNY pou kliyan ki gen tarif redui yo nan mwa oktòb, ki vin tounen premye gwo sistèm transpò piblik pou ofri tarif redui sou aparèy peman pèsònèl yo. Nan kat jou sèlman, plis pase 1,300 kliyan ki gen tarif redui te fè chanjman soti nan MetroCard pou pase nan OMNY, sa ki te fè total la vin prèske 2,800 kliyan avèk tarif redui ki itilize OMNY, ki gen ladan patisipan nan lansman dousman yo.

Kliyan ki gen tarif redui yo ka fè chanjman soti nan MetroCard pou pase nan OMNY sou entènèt ki byen transparan avèk asistan dijital OMNY an ki disponib 24/7 nan [OMNY.info](#) Nou kapab wè yon videyo eksplikatif pou kliyan yo ki vle pase nan OMNY [isit la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418